



Pou Piblikasyon Imedya: 04/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN MITAN PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DON 1,000 RESPIRATWA ATIFISYÈL ANVÈ ETA NEW YORK

Don ki te fèt anvè Eta a pa Fondasyon Joseph ak Clara Tsai la, epi ki te fasilite pa Gouvènman Chinwa a ak Anbasadè Huang Ping, Konsil Jeneral Chinwa a

Fondasyon Joseph ak Clara Tsai ak Fondasyon Jack Ma a te bay tou yon milyon mask chirijikal, yon milyon mask KN95 ak plis pase 100,000 pè linèt pwoteksyon

Epitou li anonse NBA a ap kontribye ak yon milyon mask chirijikal an kolaborasyon ak Knicks ak Nets

Gouvènè Oregon an ki se Kate Brown ofri pou bay New York 140 respiratwa atifisyèl

Gouvènè Cuomo pibliye Dekrè Egzekitif pou pèmèt etidyan medikal yo ki ta dwe gradye pou yo kòmanse egzès

Gen 85,000 pwofesyonèl sante ki se volontè kòm yon pati nan fòs sante swen ijans Eta a jiska dat, ansanm ak 22,000 moun ki pa nan eta a

Konfime 10,841 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki mete total nan tout Eta a nan 113,704; nouvo ka nan 47 Konte yo

Nan mitan pandemi COVID-19 ki ankou a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Fondasyon Joseph ak Clara Tsai (Joseph and Clara Tsai Foundation) te fè don 1,000 respiratwa atifisyèl anvè New York. Fondasyon Joseph ak Clara Tsai ak Fondasyon Jack Ma (Jack Ma Foundation) a te bay tou yon milyon mask chirijikal, yon milyon mask KN95 ak plis pase 100,000 pè linèt pwoteksyon pou eta a. Gouvènman Chinwa a ak Anbasadè Huang Ping, Jeneral Konsil Chinwa a, te fasilite don sa yo. Respiratwa atifisyèlyo te rive nan ayewopò JFK a jodi a.

Asosyasyon Nasyonal Baskètbòl (National Basketball Association) la kontribye tou ak yon milyon mas chirijikal pou travayè esansyèl New York an kolaborasyon avèk New York Knicks, Brooklyn Nets ak Konsil Jeneral nan New York ki soti an Chin nan Huang Ping.

Anplis de sa, Gouvènè Oregon an Kate Brown te ofri pou bay New York 140 respiratwa atifisyèl ki soti nan rezèv Oregon an.

Gouvènè Cuomo pral pibliye yon Dekrè Egzekitif ki pèmèt etidyan medikal ki ta dwe gradye pou kòmanse pou egzèse imedyatman pou ede ak fòs swen sante eta a. Jiska dat, 85,000 pwofesyonèl sante, ki gen ladan 22,000 moun ki andeyò eta a, te siyen pou sèvi kòm volontè kòm yon pati nan fòs swen sante eta a pandan pandemi COVID-19 ki ankou a.

"Pandemi sa a mete nasyon nou an sou presyon sou tout kouch e nou ap fè tout bagay ki depann de kapasite nou pou nou prepare pou batay ki pral rive nan somè a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Respiratwa atifisyèl yo rete yon pi gwo defi pou nou, epi nou te resevwa yon don jenere 1,000 respiratwa atifisyèl ki soti nan Fondasyon Joseph ak Clara Tsai ak gouvènman Chinwa a, ansanm ak 140 respiratwa atifisyèl ki soti nan Oregon - e respiratwa atifisyèl sa yo pral sove lavi anpil moun. Sa a se yon eksperyans douloure, dezoryante, men nou pral travèse li ansanm epi nou tout pral pi bon pou li."

Finalman, Gouvènè a te konfime 10,841 ka nouvo kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 113,704 ka konfime nan Eta New York. Nan total 113,704 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	293	26
Allegany	16	2
Broome	65	9
Cattaraugus	9	0
Cayuga	7	1
Chautauqua	10	1
Chemung	36	1
Chenango	39	7
Clinton	31	1
Columbia	49	7
Cortland	10	0
Delaware	26	2
Dutchess	938	129
Erie	808	88
Essex	7	1
Franklin	10	0
Fulton	9	3
Genesee	20	4
Greene	24	1
Hamilton	2	0
Herkimer	18	4
Jefferson	20	2

Lewis	2	0
Livingston	18	2
Madison	74	4
Monroe	512	48
Montgomery	13	3
Nassau	13,346	1,322
Niagara	101	7
NYC	63,306	6,147
Oneida	80	9
Onondaga	262	10
Ontario	31	3
Orange	2,741	344
Orleans	10	1
Oswego	26	0
Otsego	26	5
Putnam	283	31
Rensselaer	58	2
Rockland	4,872	583
Saratoga	141	0
Schenectady	117	7
Schoharie	10	1
Schuyler	4	1
Seneca	6	0
St. Lawrence	52	9
Steuben	55	9
Suffolk	11,370	1,216
Sullivan	193	25
Tioga	7	0
Tompkins	85	1
Ulster	290	27
Warren	20	1
Washington	16	1
Wayne	30	0
Westchester	13,081	730
Wyoming	18	3
Yates	1	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)